

## ANÈKS A

# Baz pou Kalkile Montan yo Chaje Pasyan yo

CC Florida itilize “metòd retwospeksyon” (Look-Back Method) pou detèmine “montan yo faktire anjeneral” (Amounts Generally Billed, AGB) pou moun ki gen asirans ki kouvri Swen Dijans oswa lòt Swen ki gen Nesesite Medikal. Pousantaj AGB ki aplikab nan dat 1/1/2025 nan chak nan etablisman nou yo se 20.10%, sa ki koresponn ak yon rabè 79.9% ki aplike sou frè brit yo.

Yo te kalkile pousantaj la avèk itilizasyon tout reklamasyon ke ni konpayi prive (sa ki gen ladan Medicare Advantage), ni Medicare (Tradisyonèl) ak Medicaid otorize, pou sèvis pasyan entène ak sèvis pasyan ekstèn ki gen dat egzeyat soti 1ye oktòb 2023 pou rive 30 septanm 2024. Yo te divize total peman yo atann pou reklamasyon ki otorize yo pa total frè yo chaje pou reklamasyon sa yo.

Pou kalkile AGB, yo te sèvi avèk metòd peman prive sa a plis Medicare pou chak nan etablisman lopital Cleveland Clinic yo. Nou te chwazi pou aplike tarif etablisman an pou pasyan yo pou tout etablisman nou yo an 2025.